

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Nurutkeun Subagyo (2006:2), méthode panalungtikan nya éta salasahiji cara atawa jalan pikeun meunangkeun deui data tina sagala permasalahan nu aya. Ku kituna, sagala hal nu baris dilakonan kudu maké méthode anu luyu pikeun ngahontalna, sangkan hasil dina hasil panalungtikan luyu jeung kaayaan sabenerna sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif kualitatif.

Istilah “déskriptif” asalna tina bahasa Inggris *to describe* nu hartina ngajéntrékeun atawa ngagambarkeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, kagiatan, jrrd (Arikunto, 2010:3). Ku kituna, panalungtikan deskriptif nya éta panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal anu patalina pikeun hasil atawa laporan panalungtikan.

Nurutkeun Bodgan jeung Talyor dina Basrowi (2008:21), nétélakeun yén méthode kualitatif salau prosédur panalungtikan meunangkeun data déskriptif anu mangrupa kecap-kecap sacara tinulis atawa lisan ti jalma-jalma atawa pelaku anu ditalungtik.

Sacara harfiah, ieu panalungtikan deskriptif kualitatif téh pikeun ngadeskripsikeun unsur simbol-simbol nu nyampak dina Kasenian Cingcowong misalna ngadeskripsikeun ngeunaan pungsi simbol dina pakakas, bonéka Cingcowong, sarta gamelan. Dina prosés panalungtikan ieu panalungtik teu ngarobah, ngarobah atawa ngayakeun manipulasi kana objék atawa tempat panalungtikan. Dina kagiatan ieu panalungtikan, panalungtik saukur motrét sarta ngarekam video kana objek panalungtikan atawa tempat anu ditalungtik, sarta dijieun laporan bukti hasil panalungtikan sacara lugas.

Méthode déskriptif nya éta hiji méthode dina nalungtik status kelompok manusa, hiji objék, hiji kaayaan, mangrupa sistem pamikiran atawa kaayaan dina mangsa ayeuna (Nazir, 1988:63). Méthode déskriptif ogé miboga tujuan pikeun

**Ikin Sodikin, 2013**

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

ngadéskrupsikeun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual sarta akurat ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat jeung hubungan kana kaayaan daérah nu tangtu. Dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskrupsikeun Kasenian Cingcowong di Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan, sajarah, simbol-simbol, sarta dilarapkeun dina bahan pangajaran “Maca Bahasan ngeunaan Kasenian” di SMA kelas XII. Ku kituna, ieu panalungtikan ngadéskrupsikeun simbol-simbol nu nyampak dina Kasenian Cingcowong, kalayan maké teori Sémiotik Sander Pierce anu medar ngeunaan sémiotik (ikon, indéks, jeung simbol).

### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta téhnik talaah pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

##### 1) Téhnik Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan.

##### 2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kasajarahana, pakakas, prak-prakkan, fungsi, sarta simbol-simbol dina Kasenian Cingcowong.

##### 3) Téhnik Wawancara

Wawancara nya éta salasihiji dialog nu dilakukeun ku nu ngawawancara (*interviewer*) pikeun meunangkeun informasi ti jalma nu diwawancara. Tehnik wawancara ieu digunakeun pikeun meunangkeun data sacara lisan (sumber lisan) ti kuncen atawa punduh Kesenian Cingcowong sarta masarakat kampung wagé Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan.

##### 4) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakkanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon waé anu ditalungtik ti awal nepi ka ahir.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan bisa dikumpulkeun, satuluyna dilakukeun kagiatan ngolah data. Téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan ku cara mariksa deui hasil data-data anu dikumpulkeun ngeunaan Kasenian Cingcowong di Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan, anu satuluyna hasil tina data panalungtikan dideskripsikeun jeung dilarapkeun dina bahan pangajaran “Maca bahasan Kasenian” di SMA kelas XII. Saterusna data anu geus dideskripsikeun ngeunaan simbol-simbol budaya di analisis maké téori sémiotik Pierce (ikon, indéks jeung simbol). Sanggeus éta nyieun kacindekan tina hasil ngolah data anu geus dideskripsikeun jeung dianalisis.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta sakabéh alat atawa cara anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, instrumen anu digunakeun nya éta, kaméra *digital*, *handphone*, jeung pedoman wawancara.

#### 1) Kaméra *Digital*

Kaméra digital dipaké pikeun ngadokuméntasikeun foto dina prak-prakkan Kasenian Cingcowong.

#### 2) *Handphone*

*Handphone* digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara ka informan, ngeunaan Kasenian Cingcowong.

#### 3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara punduh atawa kuncén Kasenian Cingcowong. Wawancara dilakukeun kalayan ngagunakeun patokan anu geus disadiakeun dina lambaran wawancara mangrupa kisi-kisi daftar pertanyaan anu patali jeung kabutuhan panalungtik atawa masalah anu rék

Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

ditalungtik. Format wawancara anu diasongkeun waktu lumangsungna kagiatan wawancara nya éta:

Tabél 3.1 Pedoman Wawancara

No.	Rumusan	Patalékan
1.	<b>Sajarah</b>	1. Kumaha sajarah ayana Kasenian Cingcowong naha kudu aya di Désa Luragung Landeuh?
		2. Ti iraha ngadegna Kasenian Cingcowong téh?
		3. Naha bet dingaranan Kasenian Cingcowong?
		4. Naon udaganna dina nyiptakeun ieu Kasenian?
		5. Naha Kasenian Cingcowong teh bener-bener ngadatangkeun hujan atawa mitos wungkul?
		6. Ieu Kasenian Cingcowong mangrupa kasenian anu geus lila ayana di Désa Luragung Landeuh. Naha dina kaayeunakeun ieu Kasenian Cingcowong hampir leungit ku kamekaran jaman
2.	<b>Pakakas</b>	7. Pakakas naon wae anu dipaké dina Kasenian Cingcowong?
		8. Naon pungsi tina pakakas anu dipake dina ritual Kasenian Cingcowong?
		9. Bahan naon waé anu dipake dina boneka Cingcowong?
		10. Tina bahan nyieun boneka Cingcowong anu geus dipaké ti mimiti ayana Kasenian Cingcowong, naha nepi ka ayeuna bahan-bahan pikeun boneka Cingcowong angger teu robah atawa robah?
		11. Ti mimiti ngadeg ieu kasenian naha ngalaman parobahan tina properti jeung baju anu dipaké ku pamaén? Lamun ngalaman sabaraha kali parobahanna?
3.	<b>Prak-prakkan</b>	12. Naon waé waditra anu dipaké dina Kasenian Cingcowong?
		13. Sateuacan maén naha aya persiapan husus atawa ritual husus?
		14. Naha kudu aya penari atawa hnteu dina lumangsungna kagiatan?
		15. Naha aya nyanyian-nyanyianana?
		16. Kumaha cara ngalatih pamaén anyar atawa punduh anyar anu ngagantikeun pelaku utama dina Kasenian Cingcowong?

Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

4.	<b>Simbol</b>	17. Naha aya simbol-simbol nu nyampak dina Kasenian Cingcowong, contona dina pakean boneka Cingcowong sarta dina bahan jeung waditra anu dipaké ku pamaén Kasenian Cingcowong?
		18. Kumaha carana sangkan ieu Kasenian Cingcowong tetep nanjeur sarta dimumulé ku masarakat Désa Luragung Landeuh hususna Kabupatén Kuningan?

### 3.4 Désain Panalungtikan

Désain nu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

#### TUJUAN PANALUNGTIKAN

Ngadéskripsikeun:

1. Sajarah Kasenian Cingcowong
2. Pakakas (properti) dina Kasenian Cingcowong
3. Prak-prakkan dina Kasenian Cingcowong
4. Pungsi Kasenian Cingcowong
5. Simbol-simbol nu nyampak dina Kasenian Cingcowong
6. Matalikeun simbol budaya anu nyampak dina Kasenian Cingcowong pikeun pangajaran maca di SMA kelas XII



Nangtukeun masalah



Ngarumuskeun Masalah



Nangtukeun métode jeung teknik panalungtikan




Ngumpulkeun data



Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



### 3.5 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

#### 3.5.1 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010:172), sumber data dina panalungt nya éta subjék nu bisa dipaké meunangkeun data. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Kuncén atawa punduh Kasenian Cingcowong anu leuwih apal ngeunaan Kasenian Cingcowong ti Désa Luragung Landeuh sangkan panalungtik bener-bener wanoh kalayan jero kana hal nu bakal ditalungtik.
- 2) Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kabupatén Kuningan, pikeun meunangkeun data référénsi pikeun bahan panalungtikan.
- 3) Masarakat Kampung Blok Wagé, Désa Luragung Landeuh Kecamatan Luragung anu apal kana Kasenian Cingcowong.

Format data informan nu diasongkeun waktu lumangsungna kagiatan wawancara nya éta:

Tabél 3.2 Format Data Informan

Data Informan	
1. Wasta	:
2. Jenis Kelamin	:
3. Yuswa	:
4. Status Kawin	:
5. Alamat	:
6. Pakasaban	:
7. Atikan	:
8. Kalungguhan	:

#### 3.5.2 Lokasi Géografis Tempat Panalungtikan


Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Désa Luragung Landeuh nya éta salasahiji désa di Kecamatan Luragung anu miboga luas wilayah 323,633 Ha. Jumlah penduduk Désa Luragung Landeuh nya éta 4.945 jiwa anu jumlah lalakina 2.537 jeung jumlah awéwéna 2.408 jiwa. Wates Désa Luragung Landeuh nya éta: di béh kalér diwatesan ku Désa Dukuhmaja, belah wétan diwatesan ku Désa Cikaduwétan, di belah kidul diwatesan ku Désa Luragungtonggoh, di belah kulon diwatesan ku Désa Margasari-Sindangsuka. Ditempo tina topografi jeung kontur taneuh, Désa Luragung Landeuh sacara umum mangrupa luktosal jeung lempung nu jangkungna kira-kira antara 700 M s/d 900 M di luhureun permukaan laut jeung suhu rata-rata 20 derajat s/d 30 derajat Celcius. Désa Luragung Landeuh kabagi kana 5 Dusun, 8 RW jeung 33 RT.

Gambar 3.1 Peta Wilayah

## PETA WILAYAH DESA LURAGUNGLANDEUH



### 3.6 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikna diperlukeun katerangan anu jéntré sangkan teu nimbulkeun rupa-rupa panapsiran. Ieu katerangan téh patali jeung judul panalungtikan, diwincik ieu di handap.

- 1) Kabudayaan nya éta hasil *karya, rasa, jeung cipta* masarakat sacara kopleks anu ngawengku pangaweruh, kapercayaan, kasenian, moral, hukum, adat istiadat, kamampuh sarta kabiasaan-kabiasaan nu aya dina diri manusa salaku anggota masarakat nu kudu dibiasakeun ku cara diajar, sarta sakabéh tina hasil budi jeung karya sangkan meunangkeun kasalamatan sarta kabagjaan.
- 2) Simbol nya éta sagala hal anu diciptakeun pikeun nepikeun hiji hal, amanat, atawa harti nu tangtu, (ngaliwatan hiji hal anu husus) anu nguntungkeun eusi

Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Symbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



komunikasi antara manusa dumasar konvénsasi sarta mangrupa salah sahiji jenis tanda, nu hartina teu sakabéh tanda dina sistem komunikasi sacara langsung nu mangrupa simbol. Sagala hal ngeunaan simbol moal leupas tina élmu sémiotik. Ku kituna, dina ieu panalungtikan anu ditalungtikna ngeunaan simbol-simbol budaya dina Kasenian Cingcowong di Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan. Téori sémiotik anu dipaké pikeun tatapakan téorina nya éta téori sémiotik Pierce nétélakeun ayana tilu rupa tanda dina sémiotik, nya éta ikon, indéks, jeung simbol.

- 3) Kasenian Cingcowong nya éta kasenian nu asalna ti Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan mangrupa salah sahiji upacara ritual pikeun ménta hujan ieu upacara dipigawé dina wayah usum halodo panjang  $\pm$  3 bulan tradisi mimiti. Kasenian Cingcowong atawa upacara ritual ieu dipercaya ku masarakat, hususna Kacamatan Luragung saban datang halodo ieu upacara ritual téh sok dilaksanakeun sangkan taneuh tatanén maranéhanana subur tur jauh tina gagal panén ogé sangkan turun hujan.
- 4) Bahan Pangajaran nya éta eusi anu dibérékeun ka siswa dina waktu proses diajar jeung ngajar. Dina hakékat na bahan pangajaran mangrupa eusi tina mata pelajaran atawa bidang studi anu dibérékeun ka siswa luyu jeung kurikulum anu dipakéna (Sudjana, 2011:67).
- 5) Bahan pangajaran maca di SMA nya éta salasahiji komponén pangajaran nu eusi na mangrupa matéri pangajaran nu patalina jeung élmu pangaweruh sarta pamahaman nu kudu dikawasa ku guru jeung siswa SMA. Dina ieu hal, pangajaran maca di SMA elas XII, nya éta pangajaran “Maca bahasan Kasenian” anu matéri na hasil tina panalungtikan ngeunaan simbol-simbol budaya nu nyampak dina Kasenian Cingcowong di Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan.
- 6) SMA (Sekolah Menengah Atas) nya éta lembaga pendidikan formal tingkat menengah anu aya dina naungan Depdikbud.

### 3.7 Léngkah-Léngkah Panalungtikan

Ikin Sodikin, 2013

Simbol-Simbol Budaya Nu Nyampak Dina Kasenian Cing Cowong Di Desa Laragung Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasan Di Sma  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Aya anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan, nya éta: tahap tatahar; tahap ngumpulkeun data; tahap ngolah data; tahap nyusun laporan panalungtikan. Satuluyna dipedar leuwih jéntré saperti ieu di handap:

1) Tahap tatahar

Léngkah-léngkah dina tahapan tatahar, nya éta (1) ngajukeun judul panalungtikan; (2) nyusun rarancang panalungtikan; (3) ngumpulkeun sumber bahan kajian; (4) nangtukeun masalah jeung objek panalungtikan; (5) nyieun proposal panalungtikan; (6) ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan; (7) konsultasi ka dosén pangaping.

2) Tahap ngumpulkeun data

Léngkah-léngkah dina tahapan ngumpulkeun data, nya éta (1) telaah pustaka pikeun meunangkeun pamahaman awal ngeunaan Kasenian Cingcowong; (2) obsérvasi ka tempat Kasenian Cingcowong mu ditalungtik, nya éta Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan; (3) wawancara ka punduh atawa kuncén Kasenian Cingcowong sarta ka sakumna masarakat kampung blok wagé Désa Luragungh Landeuh anu apal pisan kana Kasenian Cingcowong; jeung (4) ngadokuméntasikeun kagiata panalungtikan.

3) Tahap ngolah data

Léngkah-léngkah dina tahap ngolah data, nya éta (1) mariksa data anu geus dikumpulkeun; (2) ngadéskripsikeun data ngeunaan Kasenian Cingcowong di Désa Luragung Landeuh Kec. Luragung Kab. Kuningan; jeung (3) nganalisis data ngeunaan simbol-simbol budaya nu nyampak dina éta kasenian, kalayan maké téori sémiotik Pierce (ikon, indéks, jeung simbol).

4) Tahap nyusun laporan panalungtikan

Léngkah nyusun laporan mangrupa tahapan pamungkas dina ieu panalungtikan. Sabada hasil panalungtikan dianalisis tepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif. Satuluyna ieu laporan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.